PANGAOS LANGGANAN
1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.— loear Indonesie f 7.50, pembajaran ti pajoen.

Kantoor & Drukkerij
Pasarstraat 36.
Telefoon No. 51

„SIPATAHOENAN"

Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" tjabang Tasikmalaja saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun

Hoofdredactie: Bakrie Soeraatmadja sareng A. S. Tanoewiredja

Agent - agent Sipatahoenan: de Globe di Amsterdam, Fortuna di Kebondjatiweg No. 5 Bandoeng telefoon No. 2665
R. Achmad Sobandi Garoet, R. Moehanda di Tjiandjoer, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, sareng D. Wirianata di Tjiamis

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—.
Harga langganan badami

Telefoon:
A. S. Tanoewiredja No. 121
Heerenstraat No. 14

No. 48 — Senen 2 Maart 1931 — 12 Sawal 1349 — Taoen ka 8

Parlement Indonesia.

Lain ngan ahli pergerakan bae, tapi beunang diseboetkeun sakoemna rahajat Indonesia ngarep ngarep kana datangna kamerdikaan, ieu kahajang, ieu karep, noe geus soemarambah kana bajah, tjoemantel di djero hate, moal aja noe bisa ngahalang-halang, da ari kana tjita tjita mah sanadjan hajang oetjang oetjangan dina mega malang oge, henteu aja noe ngalarang.

Ari kana kamerdikaan tea, sanadjan enja oge djadi karep sarerea, tapi ari djalan geusan njoekangna mah, koedoe kitoe koedoe kieu, henteu atjan aja noe nerangkeun satarabasna, toe roeg toeroeg sanadjan hajang nerangkeun anoe djentre oge, ari ngan koe katerangan woengkoel mah henteu aja paedahna. Tamboeh bae diterangkeun oge, lamoen sakira kira henteu bisa dipigawe mah. Djeung deui, djaba ti kitoe oge, oerang moal bisa netepkeun djalan mana noe beunang dipake tjoekang, biheung teuing rarantjang pitjoekangeun beunang oerang teh, koe djalma djalma noe hiroepna sapandeurieun oerang mah henteu kapake, da eta mah noeroetkeun koemaha t o e s t a n d dina mangsana njoekang tea bae.

Ari ajeuna bet geus aja noe ngabogaan tjita-tjita ngajakeun „Parlement Indonesia" noe geus didadarkeu koe Djrg. Poerwoto dina soerat kabar „Timboel", tjenah ieu parlement teh woengkoel parlementna bangsa Indonesia bae, sata koedoe bisa nangtoeng ngagendengan Volksraad.

Kana ieu tjita-tjita henteu hajang njawad, tapi sabalikna henteu hajang moedji ari ngan woengkoel tjita-tjita bae mah.

Ari anggapanana Hoofdredacteur s.k. Timboel (Mr. Singgih) mah, koe ajana P.P.P.K.I. teh minangka tjatjarakanana kana ajana Indonesische Parlement tea. Kana anggapanana „Timboel" kitoe, henteu hajang njalahkeun, nja moenasabah bae ari ngar tjatjarakanana woengkoel mah.

Ngantet kana ajana toelisan dina „Timboel" tea, kapan ari koe soerat kabar „Het Nieuws" mah sakitoe dileledekna, madjar teh ngajakeun parlement koe kisa, tjatjakan federatie P.P.P.K.I. oge ngan kari ngaran woengkoel. Kana panjelana soerat kabar deungeun kitoe, sanadjan koe oerang karasa peurihna, sarta karasa njerina, tapi poma pisan oerang oelah rek ka boeroe koe napsoe. Meudjeuhna eta mah sanadjan njatjampah leuwih ti kitoe oge, tapi di oerangna koedoe djapi pipikiran. Tjik tembongkeun tjita tjita teh, oelah ngan dina impian bae.

Meureun pangna „Het Nieuws" sakitoe njatjampahna teh, pedah P.P.P.K.I. geus rada lajoe, ti sabasang P.S.I. medal sila tina eta federatie.

Panjempadna Het Nieuws" tea, malakmandar bae ka oerangna djadi tamba, geusan nohagaan deui P.P.P.K.I. atawa ngajakeun federatie noe leuwih tohaga ti batan eta.

Kana ajana Indonesische Parlement tea, henteu atjan bisa ngaroedjoekan samemehna pagoejoeban pagoejoeban kabangsaan di Indonesia, boga beungkeutan anoe tegoeh mah.

Oepama hade pok mah, ngarasa salempang koe ngajakeun parlement teh, bisi aja parlement pabarentjaj tjara federatie noe enggeus enggeus. Djiga koemaha lamoen aja parlement nepi ka koebra teh. Ngan bae oerang koedoe pertjaja, naon bae noe ditjita tjita tangtoe laksana, lamoen dipigawena kalawan soson sosonan mah, inget bae kana babasan „Lamoen kejeng tangtoe pareng".

Tapi dina ihtiarna tea, poma pisan oelah poho kana sarat saratna.

Ari noe djadi sarat nomer hidjina henteu aja deui ngan d o e i t, da eta parlement teh, lamoen enja tea mah koedoe ajana, kapan koedoe djeung doeit pikeun sagala ongkos ongkosna, malah ongkosna teh koedoe saloehoereun Volksraad lamoen hajang ngabandingan ka Volksraad mah, sakoemaha noe ditjita tjita koe djrg. Poerwoto tea.

Tah ti mana bangsa Indonesia rek bisa ngongkosan noe sakitoe gedena, da kapan rata rata economiena bangsa oerang teh aja dina kahengkeran pisan. Tjenah eta Indonesische parlement mah bisa make ongkos saeutik, tapi sa eutikna oge geus diseboet parlement, pirakoe ari oenggal lid djeung ponggawana koedoe sosoroh tanaga djeung olok tombok bae mah. Kapan tanaga djeung pangartina bangsa oerang teh, noe koedoe ngahargaan, babakoena bangsa oerang keneh.

Samemeh nepi kana tjita tjita noe leuwih djaoeh teh, ajeuna mah padjoekeun heula bae economie, onderwijs katoet politiek na bangsa Indonesia, oelah sina tinggaleun teuing koe noe lian. Engke oge lamoen geus sagala tohaga mah sagala anoe dipiangen angen teh tangtoe laksana, sanadjan henteu diadoe renjomkeun ti ajeuna oge. Insja Allah tinekanan!

—o—

Pakasaban

Batik Priangan wetan.

Ngantet kana artikel-artikel dina ieu soerat kabar tina bab batikan, noe dimoeatkeun kamari djeung poé mangkoekna, nja eta bahaja-bahaja anoe ngantjam kana pakasaban batik di Indonesia djeung tamba-tambana soepaja batikan Indonesia bisa madjoe deui tjara katoekang-toekang, redactie tina ieu soerat kabar ngarasa perloe njoektjroek koemaha lantaranana bab kaajaan pakasaban batik di Priangan Wetan.

Di sakoeliah tanah Pasoendan mah, beunang diseboetkeun ngan di Priangan Wetan bae anoe pangrea-reana noe ngabaratik teh.

Batik di Priangan Wetan teh, babakoena pisan mah di Tasikmalaja sabab ngan di ieu tempat noe pangreana, geus kakontjara ka mana-mendi.

Tapi ieu kamashoeran teh henteu langgeng, mingkin ka beh dieunakeun mingkin soeroed bae. Tapi tjatjakan geus sakitoe moendoerna tea, koe toekang-toekang batik di Tasikmalaja henteu sakoemaha dipalirena, tonggoj djongdjon kadalon-dalon, henteu dilihtiaran sangkan batik Tasikmalaja kakontjara keun deui tjara baheula.

Bisa ditangtoekeun, lamoen toekang-toekang batik di Tasikmalaja kadjongdjonan, henteu malire kana kamadjoen pakasabanana, awal ahir tangtoe kadeseh pisan koe batik-batik ti sedjen tempat.

Bareto babik karet (Tanah abang) geus sakitoe moendoerna, tapi ajeuna katjida matak ngaboengahkeunana teh. Nja kitoe deui batik Djogja sawatara waktoe katoekang geus katjida kendorna, toer hargana henteu sakoemaha loehoerna, tapi ajeuna mingkin tembong bae kamadjoeanana teh.

Ieu teh taja lian, ngan koe tarekahna toekang toekang batik di tempat tempat noe diseboet tjikeneh bae, henteu weleh weleh ihtiar sarta daek tatanja ka noe leuwih njaho tina bab eta pakasaban, babakoena pisan koe pertoeloenganana Batik proefstation.

Ajeuna perloe oge ngadadarkeun kamoendoeranana pakasaban batik di Tasikmalaja, malah henteu moestahil lamoen ieu kamoendoeran teh karasa koe toekang toekang batik di Garoet djeung di Tjikoneng (Tjiamis.)

Ngoeranganana pakasaban batik di Tasikmalaja, lamoen di bandingkeun djeung taoen taoen toekang djaman maradjoe keneh, ieu kamoendoeran teh henteu koerang ti 50%. Bab ieu bisa diboektikeun koe reana tempat tempat pangbatikan noe geus di toetoep, hartina geus areureun henteu ngabaratik deui.

Ieu teh henteu aja lian, ngan koe geus henteu kadoega nanggoeng karoeglanana bae. Biasana pakasaban batik teh, bisa njokot kaoentoengan beresih 25% tina modalna, saenggeusna dipotong koe sagala ongkos ongkosna. Kaoentoengan 25% beresih teh lain kaoentoengan saeutik. Tapi ajeuna, lamoen bisa meunang bati 5 pCt. beresih teh, geus bisa diseboetkeun bagdja noe gede pisan, karere reanana mah koerang ti sakitoe, malah rea oge anoe roegi, beubeunanganana leuwih koerang ti batan modalna. Anoe raroegi tea, tapi maksakeun keneh, ieu teh ngan geusan njoemponan kana djangdji djangdjina bae, toeroeg toeroeg henteu aja deui kasab noe sedjen iwal tina ngabatik.

Koe sabab batikan Tasikmalaja henteu aja kamadjoeanana, da bongan henteu sakoemaha diihtiaranana, kapaksa ieu pakasaban teh mingkin lila mingkin moendoer bae. Nilik kana boektina, ieu kamoendoeran teh nepi ka 75%. lamoen di bandingkeun djeung pesenan pesenan noe geus kalakonan djaman katoekang. Moendoerna pesenan pesenan tea, lain bae doemeh oesoem tigerat, da oesoem tigerat teh lain ngan di Tasikmalaja bae, tapi bisa diseboet di sakoeliah doenja, babakoena kwaliteitna batik Tasikmalaja geus katjida tinggaleunana koe batik-batik ti sedjen tempat, toer ari waragad migawena mah tetep mahal tjara baheula bihari bae.

Djadi ajeuna, noe koedoe djadi pikiran toekang-toekang batik di Tasikmalaja teh aja doea djalan.

a. Ngahadean kwaliteitna, sanadjan waragadna mahal, meureun hargana oge mahal deui, lamoen manggih akal pikeun ngahadean kwaliteitna mah.

b. Ngoerangan ongkos-ongkos waragad migawena, djadi sanadjan hargana dimoerahkeun oge, sangkan bisa ngalawan dina bersaingan, tangtoe aja keneh batina.

Soepaja bisa njoemponan kana kahajang noe diseboet tjikeneh tea, henteu aja deui djalanna, kadjaba ti koedoe nanjakeun ka Batik proefstation bae.

Saenjana kamoendoeranana batik Tasikmalaja teh geus lain antepeun, da lain ngan djadi karoeglan ka soedagar-soedagar batik bae, tapi ngabaoed kana kahiroepanana noe sok boeboeroeh dina tempat pangbatikan. Karoenja!

Teangan djalanna kamadjoean!

Gentra Istri

Kahormatan istri diroeksak koe istri deui.

Sakapeung mah sok era pasa dah ari ningal lalampahan istri djaman kiwari, meureun di ditoena mah hajang dipikaloetjoe, dipikajoengjoen, padahal kalakoean kitoe teh, sami bae sareng ngaroeksak kahormatan diri sorangan.

Anoe bade ditjarioskeun teh, eta bae pedah ajeuna geus deukeut kana waktoena Tjapgome, geuning di Bandoeng mah, sok rea istri noe make dangdanan roepa roepa, babakoena niron niron dangdanan lalaki, malah aja noe make dandanan Cowboy sagala, toeloej abring abringan miloe iring-iringan, dialeut-aleut koe pirang pirang lalaki.

Mangga manahan, naon ieu teh goenana?

Hajang diseboet loetjoe, da henteu matak loetjoe, toeroeg-toeroeg henteu aja noe ngaboeroehan.

Tjenah eta, ieu mah kikitoean soteh, kadjeun teuing diseboet rada teu oeni oge, tapi ngan keur kasoekaan woengkoel. Naha henteu aja deui djalan keur njieun kasoekaan djaba ti koe boeboeroengan kitoe?

Padahal resep keneh laladjo ti batan dilaladjoan mah, taloeng keneh tatanggapan noe dilaladjoan, sanadjan kitoe kieu oge, da eta mah djalan oesaha, poegoeh noe ngaboeroehanana. Ari ieu awewe anoe miloe iring iringan diabring abring koe lalaki roepa roepa bangsa, bari make papakean noe lain papakean awewe. Ah noe poegoeh mah lain matak loetjoe, tapi sabalikna nepi ka matak sebel.

Sanadjan enja oge eta awewe noe sok boeboeroengan teh, lain awewe bageur, tapi meureun ari anggapan bangsa deungeun mah, anoe henteu njaho atawa henteu ngarti kana kasopanan bangsa oerang, palangsiang di hoeroen soeloehkeun dikompet daoenkeun. Naha henteu matak wirang sarerea?

Koe sakoer bangsa oerang mah, anoe ngarti kana kasopanan kabangsaan, djol djol kahar ti bae, sakoer awewe noe boeboeroengan teh kabeh oge lain awewe bageur, da tjatjakan lamoen djelema bener oge pira koe nepi ka boga kalakoean kitoe. Ari tjek bedja mah, eta awewe noe sok boeboeroengan teh, abroelan ti Kebondjati djeung Kebon tangkil.

Tjik atoeh kahajang teh, ajeuna mah sing geura areling!

Katjida moepakatna, lamoen koempoelan para istri, kajaning P.B.I. — Istri Sedar — Wanito Sedjati enz. enz. ngajakeun protest kana kalakoean awewe noe diseboet di loehoer, da eta teh ngarendahkeun kana daradjatna para istri. Malah lamoen wenang mah, menta pertoeloengan nagara, soepaja noe kitoe kalakoeanana teh dioebrak abrik sina leungit.

Mimiti aja noe njalahkeun, madjar roeksakna daradjat istri teh lantaran koe kalakoean lalaki noe henteu sopan. Tapi oepama inget ka noe ditjaritakeun di loehoer mah, geuning awewe bangsa oerang toekang boeboeroengan tea. Malah ieu mah leuwih njoetjoed da katendjona koe sarerea, di sapandjang djalan gede,

Naha teu era?

Awewe noe boeboeroengan dina mangsana aja Tjapgome tea, engke mah moen aja deui oerang pada ngantjoenan!

Istri Bandoeng

—o—

Kiriman

(Loear tanggoengan redactie)

Panganten goedjroed di Poerwakarta.

Hidji goeroe sakola agama di Poerwakarta geus maksa ngawin hidji moeridna anoe tatjan lila kaloear ti sakolana, sarta anoe geus boga toendangan ka hidji lalaki oeroet batoer sakolana keneh. Kalawan [illegible]na anoe goreng, waktoe kawinna dina tanggal 16 Januari malem Djoemaah geus didjaga djaga kalawan ngajakeun senapati senapatina, malah repot ka noe djadi loerah di dinja, jen baris aja kadjadian roesoeh, madjar arek aja anoe ngahoedjanan pelor, djadi anoe pohara tea walimah teh dipager koe bedog katoet gegendir, barang nepi kana waktoena teu aja kadjadian naon naon, noe poegoeh mah gelo sorangan bae, ari hasilna mah eta kalakoean panganten kitoe henteu gaplah teuing nja eta djadi tjiri jen dirina salah sarta netelakeun kaborangan nana

Ti sabarang kawin anoe djadi awewe teu daek hade, da poegoeh kawin dipaksa koe deungeun, sabab geus teu indoeng teu bapa teu doeloer-doeloer atjan.

Sabaraha kali panganten awewe, neangan djalan arek minggat sakaparan-paran, tapi kapegat bae, nepikeun kaploewana mah hidji moealap walanda naek darah, sanggeus boedak awewe ditewak koe manehna dibawa nepi kai mah, geus maledogkeun peso balati ka eta boedak kalawan maksoed hajang meuntjit, basana beuheung maneh paragat, lamoen maneh ingkah deui ti dieu, oewa kadjeun dihoekoem.

Ti harita boedak dikerem di kamar di hidji imah kosong, kakara meunang tiloe poé tiloe peuting kaboro loba anoe ngeli ngan, kapaksa anoe djadi ahli era, eta boedak dikaloearkeun tina siksaannana.

Ajeuna eta boedak geus kadjadian lolos ti Poerwakarta, malah tjek katerangan mah eta boedak teu atjan katangtoean dimana ajana, ajeuna keur ditareangan, oepama ieu boedak nepikeun ka leungit atawa nandang bahla, doea pihakannana baris meunang salah pohara sabab andjeunna oeninga asal oesoelna, kawantoe eta boedak lalandjang diandjeunna.

Loeloegoena anoe koedoe nanggoeng ieu beubeurat, hidji moealap tea, kadoea R. Winata minantoena, panglajar, katiloe adjengan R. H. Mardjoeki besan, kaopat Raden S a n t a n g panganten lalaki, malah ieu mah noe pandeuri djaba njieun tata heuras teh kapimitoha, make ngantjam rek dakwa ka hakim sagala pedah teu bisa ngakoerkeun panganten awewe ka manehna, koe sarerea pada ngahoetjoehkeun, da beubeunangana nana teh moal djaoeh ti tjek paribasa, ngaboretekeun . . . . . di pasar, basana ; , , Satoetoep oemoer moal pegat, teu beunang koe lemes, koe kasar, henteu keneh, koe noe leuwih kasar„ anoe kapimitoha ngadjawab. atoeh da ieu oge djelema, malah bos kwaliteitna aja leuwihna ti eta goeroe agama mah, sanadjan pangkatna imam oge, basana ;

„Oedjang salah njarita kitoe ka ieu mah, naon oge koedoe dibatja heula.

Ieu kadjadian anoe saroea heurasna tea, ajeuna keur ditoenggoe-toenggoe koemaha achirna, sabab koe poékna akal mapaj napsoe, bisa djadi aja kadjadian anoe leuwih loetjoe tapi kahajang mah eta iman oelah arek nambah njieun kamodelan anoe matak ngageundjleungkeun doenja.

Naha henteu era koe tasbeh? Toengtoengna masdjid teu kaoeroes, sakola teu kaparikas. ka weur ngoeroes . . . . . bae.

Kalakoean ieu lalaki saroepa kieu, sanes sakali doea kali, sareng kalakoeanana anoe pohara kedjina mah koe djisim koering teu hade dibedjer beaskeun. Pamoegi ieu art. baris katjatet koe pergerakan pergerakan istri sareng baris katitenan koe oenggal oenggal raad agama oepami aja kadjadian saroepi kieu, nja eta hidji pameungkeutna kaoem lalaki ka kaoem istri anoe nganggo kedok agama islam, padahal agama islam mah, djaoeh boemi [illegible] oerangna.

Witte hond ab. No. 3668

(baris disamboeng)

Pag. Sagawe

P. P. D. koerang nerekab.

Sawatara waktoe katoekang, P.P.D. (Pagoejoeban Pagawe Desa) beunang diseboet segoet oge sabab kadenge ngajakeun propaganda ka ditoe ka dieu, tapi ajeuna geus rada lila oge henteu ketjet ketjetna atjan, padahal rea keneh pisan pagawe desa anoe henteu atjan djaradi lid P.P.D.

Pangna henteu sakoemaha madjoena teh naon sababna?

Naha noe djaradi bestuurna koerang actief? Naha aja noe ngahalan ganti loehoerna? Doeka teuing!

Minangka oebar poeroeloek, panggeuing panghoedang rasa, itoeng itoeng panjamboengan, sangkan tambah madjoena P.P.D. di dieu miloe njarita da hade gorengna milik noe djadi ponggawa desa, saenjana mah goemantoeng kana kakoeatanana P.P.D. bae. Tapi katjida handjakalna ponggawa desa teh henteu sakoemaha mikahajangna kana ajana pagoejoeban ponggawa desa.

Oepama koe oerang ditilenan golongan golongan anoe sedjen, henteu aja hidji golongan anoe henteu ngabogaan pagoejoeban sagawe (Vakbond). Ngajakeun Vakbond teh lain pagawean anoe goreng, lain pagawean larangan dapon ngadjadikeun kahadean bae.

Sakoer ponggawa desa koedoe inget, lamoen henteu ngabogaan pagoejoeban sagawe anoe tegoeh, saha atoeh noe baris ngahadean nasibna.

Kawadjiban noe djadi ponggawa desa teh, sanadjan enja oge sing sarwa satik tapi rea pisan roepana, rea oenak anikna, tapi ari kaoentoengan katjida saeutikna, toeroeg toeroeg henteu aja arep arepeunana, henteu bisa ngarangsod ka noe rada loehoer, da poegoeh ngan saki toe kitoena. Beda pisan djeung noe djadi Hulpschyver di kalangan B.B. sanadjan ngan dina lalamoenan bae oge, aja harepan djadi Wadana. Tapi moenggoehing ponggawa desa mah henteu aja djalan kana ngalamoen lamoen atjan.

Tjing kana naon naekna noe djaradi Loerah? Kapan geus tamat, eta teh minangka pangloehoerna teu bisa ngasrod deui. Koemaha ari tanggoengan djeung pagawean, kapan sakitoe rimbilna.

Loerah teh djadi bestuur sabab sagala oenak-anikna, oeteuk tongo walangataga di djero desa, Loerah koedoe njaho djeung nitenan.

Loerah djadi politie, sabab lamoen aja bobor karahajoean, gadjah menta banteng ngamoek, aja badog aja rampog Loerah noe nanggoeng papait di djero desana.

Loerah djadi opzichter djalan sabab lamoen djalan-djalan dessa goreng, tangtoe Loerah noe bakal meunang perodom ti saloehoereunana.

Loerah djadi Mantri Irrigatie, sabab lamoen soesoekan dessa koerang hade tjaina, rea noe mendoeng atawa bandjir, tangtoe Loerah keneh noe bakal meunang peredom teh.

Teu panoedjoe kana ketjap koloniaal.

Lamoen geus pada ngarti kana hartina ketjap „Koloniaal" noe sabenerna, nja-eta naon-naon noe make sari Koloniën, Koloniën teh nja eta tanah tanah noe djadi djadjahan hidji nagara kawas mo al aja hidji djalma anoe mika-resep kana eta ketjap, soemawonna lamoen pikeun di Indonesie djeung India mah anoe geus halahhab koe kamerdikaan, harajang marentah sorangan.

Noe maraos tangtos aremoet keneh jen di Parijs aja noe ngajakeun Koloniale Tentoonstelling, nja eta koe sakoempoelan nagara nagara noe pada harajang narembongkeun kabeungharanana di oenggal oenggal tanah djadjahanana.

Lain saeutik doeit noe baris dipitjeun pikeun kaperloean eta, malah Nederland mah geus sababaraha kali ditjaritakeun, jen rek nongtonkeun kamonesan Indonesia di ditoe.

Noe rek ditongtonkeun di ditoe teh, tangtoe lain noe baris aja oentoengna ka noe ngaranapan atawa ngoeroeskeun ti awalna keneh, lamoen geusan njoemponan kana eta kaperloean tea, gegedena goemantoeng kana tanaga oerang Indonesie.

Lebah dieu asa teu koharti, lamoen aja noe njeboetkeun henteu rek moentang kana tana gana oerang dieu keneh, oepamana B. B. ambtenaren djeung para radja di Vorstenlanden, Solo djeung Djokja.

Tjeuk katerangan dina s. s. k. geus lain ti Djawa bae, tapi naon-naon noe ti sakira matak djadi kanehan dina tentoonstelling, ti sakoerilingna Indonesie, ti saban poelo, aja noe di kirimkeun ka Parijs; sok komo deui ti Bali mah noe geus ka tjeloek ka awoen-awoen kakontjara mantja nagara, katelah het Wonderland.

Ti karaton Solo djeung Djokja oge henteu tinggaleun, sanajan kakara dina adjaman oge, ngan hadena pikeun Djokja mah aja panghalang ti hidji pihak noe teu resepeun kana eta ketjap Koloniaal.

Anjar-anjar ieu hidji pagoejoeban ti kaom bangsawan noe terpeladjar di Mataram geus njebarkeun hidji motie ka rahajat kabeh, nembongkeun ka teu pa noedjoeanana karaton Mataram rek ngirimkeun sarombong toe kang ngiring kana tentoonstelling doenja pikeun tanah djadjahan di Parijs. Dina eta motie geus diadoe jen karaton Mataram teh djadi centrumna Cultuur Djawa atawa Indonesie noe koedoe pada ngadjoengdjoeng, ngan bae eta kiriman noe mak soedna teu beda djeung rek nembongkeun hoeap tjanggeum bagdja awak tanah djadjahan, koe eta pagoejoeban Sangkoro Moeda geus ditjela sarta diang gap rek ngahinakeun atawa nga handapkeun daradjatna cultuur atawa bangsa Indonesie bae.

Ngantet djeung ajana eta motie, kabeneran pisan noe djadi Sultan oge geus ngabatalkeun kalawan ngadadak pisan, nja eta henteu rek teroes ngirimkeun toekang ngibing djeung ngawih ti karaton Djokja.

Ari noe djadi sabab kana eta pangbedokeun, teu aja deui noe pentingna mah, lantaran noedja di comite noe dipasrahan pikeun ngoeroeskeun eta badaja, henteu tetep dina hidji tjarita. Bareto aja pamentana, soepaja disadiakeun 60 patoekangan ka toet djeung tatabeuhanana, kari kari ajeuna henteu djadi sakitoe tjenah ngan soepaja disadiakeun 12 oerang bae.

Djaba ti kitoe, perdjangdjian perdjangdjian noe sedjen oge rea noe di koerangan, oepama na perkara kelas di kapal, sabab dianggapna koe toekang ngabadaja djeung koe kaom bangsawan djadi hidji kaberatan noe pohara pisan.

Ieu panolak earta pangbedokeun ti Sultan Djokja memang geus ninggang dina tempatna, lamoen rek ngahargaan kana daradjatna cultuur Djawa (batja: Indonesie !)

Soegan ti pihak oerang mah moal aja noe teu njeboetkeun „sympathie" kana eta standpunt Mataram.

Tapi koemaha kasajan di ka radjaan tatangana ?

Moetoch matak handjakal, beda deui djeung kasajan atawa tjetjekelan oerang Djokja. Ti Solo mah teroes bae rek ngirimkeun eta kamonesan ka Parys, malah didjeudjeuran koe Volksraadlid Prins Hadiwidjojo voorzitter tina perkoempoelan kaom bangsawan Napro Wandowo di Solo.

Koe noe maraos bisa dikira kira, goendoekan mana anoe pro djeung sabalikna anoe contra kana ketjap „Koloniaal."

Henteu aneh meureun tjek oerang teh, da terang tea jen ka hajang djeung maksoed djelema mah beda-beda, nadjan matak hina ka oemoem, tapi oentoeng sarta loehoeng ka dirina sorangan, apa boleh boeat, koemaha behna bae, toch sagala roepa ong kos-ongkosna ge lain rek ngaroegikeun ka rahajat, kitoe ge soegan.

Lamoen koe oerang ditjokot atjina ieu artikel, kawas henteu matak heran deui, lamoen pihak noe emboeng mentingkeun kaperloean oemoem, tapi merloe keun „ik ben" bae, balans oentoeng-roegina, koemaha engke bae.

T.

Loerah djadi ambtenaar belas ting, sabab koedoe ngaliwan djeung ngamadjoekeun padjeg di djero dessana, tapi ngan noe la leutik bae, da noe gede mah henteu meunang ditagih koe Loerah, da meureun peresenna gede teuing. Lamoen padjeg hen teu madjoe Loerah keneh bae noe meunang peredom teh.

Loerah djadi Mantri Gezondheidsdienst, sabab lamoen di dessa rea panjakit Loerahna meunang peredom, da tjenah henteu nitenan kana kawarasan noe dja di somahna, rea kokotor rea beurit djeung djaba ti eta.

Loerah djadi ponggawa Onderwijs, sabab lamoen sakola dessa henteu madjoe, Loerahna noe meunang peredom, tjenah koerang ngoekoeprakna ka ba roedak dessa henteu sina sarakola.

Loerah djadi architect, sabab lamoen sasak dessa roeksak Loerah keneh bae noe boga tanggoengan koedoe ngabadean. Lamoen nepi ka ngagebro teh, tangtoe Loerah noe koedoe nanggoeng djawab, madjar teh koerang riksa tjenah.

Loerah djadi Administrateur Bank, sabab lamoen Bank dessa henteu madjoe, madjar teh Loerahna henteu bisa ngamadjoekeun, komo lamoen rea anoe henteu malajar mah, tangtoe Loerah noe koedoe nanggoeng papaitna.

Tjindekna rea keneh pisan noe djadi tanggoengan Loerah teh, da poegoeh oge ari koe kawadjiban mah Loerah teh sakitoe rebona.

Tapi koemaha kahiroepanana ? Nja eta atoeh, ngandelkeun beunang ngoempoelkeun ti somahan, kitoe oge lamoen balener ma jarna, lamoen henteu mah kapan Loerah teh ngalamot tjoeroek, da pisakoe anoe noenggak oe roenan dessa henteu mere pahadjat koedoe diperkarakeun enaman.

Lamoen oenak anik anoe ki toe koedoe diperkarakeun bae mah, tada teuing djadi panjere wedanana di dessa teh. Toeng toengna Loerah teh henteu aja noe ngawawoehan ngawawoehan atjan. Pirakoe koedoe kitoe ona man.

Tjindekna tjarita, kapan oeng gal golongan oge, hajang boga katangtoean nasibna, panjarekan oelah rea teuing, kakara ngeunah soegan. Djalanna henteu aja deui ngan pagoejoeban saga we. Proeng atoeh !

Dongkol Loerah.

Priangan

Domba adjaib.

Mangkoekna di Poerbaratoe ba wahan Tasikmalaja, kira poekoel 12 beurang aja domba nga djoeroe, anakna ngan hidji tapi katjida matak helokna teh, sabab soekoena ngan doea toeroeg toeroeg deukeut hoeloena aja noe ngabendol gede, kawas njoe njoehoen daging.

Handjakal pisan, ieu domba adjaib teh oemoerna henteu pan djang, henteu sakoemaha lilana di doenja toeloej paeh.

—o—

Rd. Prawiradiredja

Meunang bedja jen Rd. Prawiradiredja Mantri Goeroe di Sindanglaja (Bandoeng) geus nepi kana titis toelisna moelih ka alam kalanggengan. Ajana di eta tempat kakara 7 boelan, tapi lilana pisan mah di Tjiawi (Tasikmalaja.)

Andjeunna dienst di Gouvernement henteu koerang ti 25 taoen, ajeuna tilar doenja ngan toenkeun garwa djeung sawatara poetra.

Moegi kenging rohmat Alloh !

—o—

Lebe didakwa.

Sang bango mere bedja ti Tjiandjoer, jen Lebe Tjiandjoer Wetan geus didakwakeun koe Emad oerang kampoeng Sajang Tjiandjoer. Anoe ngalantarankeun kana ieu dakwaan, sana djan lain perkara anoh, tapi ge de pisan mamalana, doemeh eta Lebe geus ngoerihit soepaja Emad daek njerahkeun pamadji kannna, doeka naon sababna.

Bisa djadi aja hal noe katjida pentingna pangna Emad nepi ka ngadakwa oge.

Koemaha baloekarna, teu atjan kanjahoan.

—o—

Polikliniek B. O. diBandjar.

Meunang bedja jen Poliklinick B. O. di Bandjar, rea pisan noe mikaboetoeh, boektina dina oeng gal diboeka mangpoeloeh poe loeh djalma anoe menta ditambaan.

Tjek bedja, sanadjan enja oge anjar keneh eta poliklinick bakal meunang soepaidi dina sata oen f 600 ti R. R.

—o—

Advocaat Kantoor.

Advocaat kantoor Idih Prawira di Poetra di Garoet, mena diwawarkeun lamoen aja noe boga kaperloean ka eta Advocaat kantoor, oepama noe sasarina make perantaraan Klerkna djrg. Achmad Sobandi, ajeuna mah leuwih hade torodjogan bae, sabab djrg. Ashmad Sobandi geus kaloear ti eta kantor.

—o—

Voetbalveld anjar.

Ajeuna geus aja bedjana, sawatara Indonesiers di Bandoeng noe mikaresep kana Voetbal sport, baris ngajakeun Voetbalterrein anjar sarta baris dikoeroeng sakoemaha mistina.

Sanadjan enja oge di Bandoeng teh beunang diseboetkeun madjoe tina bab Voetbalsport, tapi ari terrein sorangan mah henteu tjan boga, djadi di mana aja pertandingan anoe rada penting teh, kapaksa koedoe oendjam-indjeum kana veld batoer bae.

Tjek noe njarita, eta Voetbal veld anjar teh dinjakeunana kalawan ngadjoesian sandeelen. Moega-moega bae kadjadian.

—o—

Noe dimaehan.

Loerah desa Tjalingtjing geus lapor ka katjamatan Tjisajong (Tasikmalaja) njaritakeun hidji djalma ngaran Madrapi geus aja noe maehan sarta majitna kalawan soesoeloempoetan geus di koeboer.

Poé Saptoe kamari koe noe djadi tjamat, sarta dibarengan koe dokter geus diparikaa ka tempatna ngan katerangananana noe leuwih tetela njoesoel pandeuri.

Noeroetkeun katerangan ti djalma saliwat, eta ngaran Madrapi teh hidji koenang-koenang noe geus pada terang kadjahatan nana, malah geus kaperego wak toe rek ngadoeroek imah.

—o—

Rek ngadegkeun Djoemaahan.

di kp. Sampangtandjoeng (Indihiang).

Sanes bade njarioskeun prak prakanana (adjianana) Djoemaahan ieu mah bade njarioskeun soteh kaajaan tempatna tempatna. Asa teu kahartos, padahal weta neunana parantos aja ngadeg Djoemaahan anoe ieu sakoemaha tebihna [di Nangkerok], koeloneunana nja kitoe keneh (di Leuwidjeungdjing) komo ieu mah tjaketna teh, kenging disebatkeun lemboer eta keneh, malah waktoe ngadegkeun oge nja oerang lemboer Sampangtandjoeng anoe njaroehoenkeun rekes hajang ngadegkeun Djoemaahan di Leuwidjeungdjing, kari ajeuna djol deui rarekes rek ngadegkeun di dinja.

Ari anoe djadi loeloegoena tjeuk bedja mah Kiai Sampangtandjoeng nepikeun baroedak la lemboet oge diasoepkeun kana rekesan, ngarah loba bilangan.

Mimitina njoehoenkeun ka Djoeragan Naib, toeloej ka djoeragan Tjamat. Tjeuk bedja koe Djoeragan Tjamat ditolak lantaran deukeut teuing. Tina Keukeuhna Kiai, toeloej koe Djoeragan Tjamat dironda sarta dioekoer ti masigit L. djeungdjing ka masigit Simpang tandjoeng oekoeranana aja ± 480, elo toer teu kahalangan lemboer deui

Saparentosna dioekoer heu leut sawatara dinten soemping Adjengan Koedang, roeplna bae njoehoenkeun pertoeloengan, na nging doeka.

Hal ieu moal pandjang ditjarios, margi noe dimaksad nga rah saena. Oepami hal ieu tjios ngadegna (dikaboel) asa kirang saena, margi tangtos djelemana ka ditoe kirang ka dieu kirang.

Noemoetkeun patokanana kapan kedah aja 40 djelema anoe katimbang tjoekoep (bisa) kana prakna hal Djoemaahan.

Djabi ti eta kedah dimanah margi-margina, tangtos ieu teh tina paketrok Kiai pada Kiai, boektina ajeuna sakitoe tjaketna oerang S. tandjoeng (sawargiwargi Kiai) tara Djoemaahan ka L. djeungdjing, dibelaan ka Indihiang atawa ka Nangkerok anoe sakitoe djaoehna.

Koe margi ieu njanggakeun ka noe wadjib. (Santri).

—o—

Pest di Priangan Wetan.

Ti tanggal 22 nepi ka tanggal 28 Februari 1931, kasajan pest di Priangan Wetan, di Tjiari 1, di Radjapolah 1, di Tjisajong 1 (longpest) kabeh bawahan Tasikmalaja, djeung aja 3 di Tjikoneng bawahan Tjiamis. Anoe katerap ieu panjakit kabeh oge nepi kana adjalna.

Indonesia

Bedja ti Soerabaja.

Katekoran di Goedang oejah.

Noeroetkeun bedja ti Hoofd Provinciale Bedrijven, jen dina tanggal 17 October 1930, geus bisa manggihan hidji katekoran noe gedena f 513.72 di Goedang oejahna Provincie di Ngoro (regentschap Djombang) noe di tjekel koe beheerder 3e. klas, Soepармo.

Nganiet kana ajana artikel 120 tina oendang-oendang Provincie, ajeuna Collega van Gedeputeerden geus mere kalong garun ka Soepармo, soepaja doeit tekort tea boeroe-boeroe di gantian sapinoehna.

Katoebroek vracht auto.

Sawatara poé katoekang, kira kira poekoel 7, di djalan Tamarindelaan, geus aja kadjadian katjilakaan. Hidji koeli toekang ngaberesihan kokotor gemeente, ngaran Taroem, noe harita keur njorong roda, ngadadak pisan henteu bisa dikanjahokeun ti tadina katoebroek koe vracht auto noe disoepiran koe hidji Tionghoa.

Taroem meunang tatoe loemajan dina sockoe doeanana, koe pertoeloengan politie maneh na dibawa ka roemah sakit.

Mana noe mimiti boga kasalahan, politie masih keneh neangan katerangan.

Persatoean Minahasa.

Engke dina tanggal 2 Maart noe bakal datang, Persatoean Minahasa tjabang Soerabaja rek ngajakeun Bestuursvergadering, tempatna di Constructiesraat 14 B.

Agenda agenda noe baris di tjaritakeun saperti ieu di handap :

1. Njaritakeun verslag pesta patali kana djedjeg oemoerna ieu perkoempoelan P.M. afd. Soerabaja satoeoe,
2. Netepkeun tanggal boelanna rek ngajakeun Algemeene Ledenvergadering,
3. Jaarverslagna secretaris djeung kasverantwoording penningmeester,
4. Milih bestuur anjar,
5. Rek ngajakeun hidji fonds indjeuman,
6. Rek ngajakeun hidji fonds panganggoeran,
7. Netepkeun doeit contributie,
8. Rek menta soepaja P.M. afd. Soerabaja di sahkeun koe Hoofdbestuur di Batawi,
9. Netepkeun huishoudelijk reglement,
10. Rondvraag.

Boedak minggat.

Djamakijah, hidji boedak awe we, noe oemoerna 7 taoen alona djrg. Prawito, stationsbeambte di Porong, geus ngadadak euweuh ti boemina henteu karana aja sabab-sababna.

Mimitina eta kadjadian, dina tanggal 15 Februari, kira-kira poekoel 5 sore, eta boedak keur sasapoe diboeroean, tapi samemehna ieu pagawean rampoeng geus ditinggalkeun.

Eta boedak euweuh boeoekan (goendoel).

Ka sing saha djalma noe mang gihan eta boedak, diteda ridona soepaja masihan katerangan ka djrg. Prawito, stationsbeambte Porong, atawa ka djrg. Adiwijoto p/a kantoor Kawedanan Porong.

Dikaloearkeun ti Indonesia.

Saoerang bangsa Japan, Malda Kosaku ngaranna, noe anjar anjar ieu dikaloearkeun tina tahanana, dihoekoem 8 boelan, lantaran henteu boga pagawean noe tangtoe sarta henteu ngabogaan ondji, koe pamarentah didinja rek dikaloearkeun ti Indonesia.

Mobil contra mobil.

Kamari isoek isoek, kira kira poekoel 11, hidji mobil particulier No. L. 7505 noe ditjekel stuurna koe toean J.J. Drukker djeung hidji mobil taxi No. L. 14468 disoepiran koe Soeradji, di djalan Tandjoengan geus di adoe, nepi ka eta doea mobil meunang karoeksakan.

Noe boga kasalahan mimitina taxi-chauffeur, lantaran rek meuntas djalan henteu daek ngadjaga kasalametanana.

Oentoeng pikeun katjilakaan djalma henteu aja kadjadian.

Geloet.

Poé kamari, koerang leuwih poekoel 10 isoek isoek. di loods zagerij Hong Liem Kong Sie di Pasar Toeri, geus aja patjek tjokan antara toekang ngikir ragadji ngaran Tan Biau joe djeung hidji baas zagerij Tionghoa toto. A Way ngaranna, nepi ka gerna pisan geloet. Sanggeus na ieu pertandingan, doeanana oge meunang tatoe dina mata djeung dina sirahna. Leuwih tetela mimitina ieu kadjadian teh kieu :

Biasana, oepama aja ragadji anoe henteu beunang digawekeun, lantaran hoentoena koerang seukeut, eta ragadji koedoe dipasrahkeun ka Tan Ban Joe, soepaja dikikiran.

Tapi tadi sakoemaha noe geus kadjadian di loehoer, baas geus njieun kalakoean noe koerang pantesna, sabab manehna ngaloengkeun ragadji ka Tan Biau Joe soepaja dipigawe. Koe aja kadjadian kitoe Tan karoehan henteu ngeunahna, sarta harita teroes njampeurkeun paloba-loba omong

Ieu kadjadian koe politie keur dipapaj keneh, disahu njokona kasalahan.

—o—

Hama maleise.

Poé Djoemaah bada lebaran, geus kadjadian anoe njopet di masdjid Poerwakarta, doea lalaki anoe keur abdas di koelah masdjid, geus kapalingan tina badjoe doeanana anoe keur di gantoengkeun saboeat abdas.

Loemajan dina oesoem male ise mah f 17,50 oge. Noe boga dosa tatjan katangkep. (Wien de schoen past, trekke hem aan). W. H.

—o—

Bedja ti Semarang.

Tina hal kapalingan tea.

Sakoemaha noe geus diwawarkeun dina kawat ti Aneta ka mari, jen di kantoorna hoofdstationschef S. J. S. geus kapalingan doeit lobana f 11.000— sarta noe kasangkana hidji pagawe Tionghoa ngaran Louw Sik Kie.

Ajeuna meunang bedja deui eta Tionghoa kaboerna teh henteu bisa kebat, lantaran kaboeroe manten ka pegat koe politie.

Noeroetkeun pangakoean manehna sorangan, doeit noe saki toe lobana teh geus beak dipake ngadoe.

Pikeun pangakoean manehna politie mah soesah kana gantangna pertjajana pikeun kabeneranana sabab eta kapalingan anjar keneh pisan kadjadian, deui eta doeit teh, doeit perakan woengkoel, moal bisa djadi sapoeting harita beak kabeh.

Bedja mah eta Tionghoa teh, dina waktoe peuting harita ditilah ngawakilan kana pagawean kassier, lantaran manehna diga wena didinja koerang leuwih geus 9 taoen. Di djero sakitoe taoen teh, manehna digawe euweuh kapertjajana noe matak koe doenoenganana dipertjaja ngadjalankeun pawean kassier.

Dina waktoe samemehna ieu kadjadian, Louw Sik Kie, dina peuting harita teh kira poekoel 11 masih keneh aja di palataran station, roepana bae maneh na teroes ngabongkar peti beusi, sarta ngagoenakeun sosi palsoe.

Ajeuna politie masih keneh teroes mariksa, naha ieu pagawean teh dilampahkeun koe manehna bae sorangan atawa aja batoerna noe lian.

Tina galedahan politie manggih doeit f 7.— tina pesakna noe dipake.

Anoe satia kana waragadna Sipatahoenan, sami sareng ngabela ra'jat kataeh lemah tjaina sorangan.

GEDIPLOMEERD BOEKHOUDER (A en B).

KLERK en ADJUNCT CONTROLEUR VOOR DE REGENTSCHAPSBELASTINGEN.

Ter SECRETARIE van de REGENTSCHAPSRAAD VAN BANDOENG bestaat gelegenheid tot plaatsing van 1 GEDIPLOMEERD BOEKHOUDER en 1 KLERK voorloopig in tijdelyken dienst.

Gegadigden worden verzocht zich per gezegeld rekest te wenden tot den REGENT VAN BANDOENG onder overlegging van afschrift diploma's c.q. afschriftgetuigschriften en staat van dienst.

Bezoldiging volgens de voor de Regentschapsambtenaren geldende bezoldigingsregeling, behalve voor den tijd. Adj. Controleur, aan wien een aanvangsalaris zal worden toegekend van f 75, à f 100, per maand.

De oproep wordt gesloten op den 30 Maart 1931.

De Regent van Bandoeng:

WIRANATAKOESOEMA.

Boebarna koempoelan P.N.I.

Dina pamandangan Lebaran Idoel Fitri taoen 1349, tina per kara' ieu geus dilalakonkeun oge saeutik eutikeun, noeroetkeun sakoemaha oenina agenda eta pakoempoelan, anoe diajakeun ajeuna-ajeuna di kota Djokja.

Verslag pondokna atawa bes luitna tina eta padjemoehan geus diwawarkeun dina roepa-roepa soerat kabar, jen oemoerna P. N.I. teh dipasrahkeun koemaha noe djadi hoofdbestuurna bae, di mana geus poegoeh vonnis Ir. Soekarno djeung sakantjana, nja eta netepan oenina Huishou delijk Reglement na artikel 32.

Demi noeroetkeun bedja noe beunang dipertjaja mah, madjar keun teh, lamoen Ir. Soekarno ditetepkeun meunang hoekoe man koe Raad van Justitie, P. N. I. tangtoe diboebarkeunana. tapi sabalikna lamoen Ir. Soe karno dilepas (dibebaskeun) ti na dosana tetep P.N.I. ngadeg na, ngan ockoer rek dirobah tangtoenganana bae saeutik eu tikeun sarta tetep djadi lidna (anggahotana) tina P.P.P.K.I.

Tah kitoe oenina bedja; noe pangheulana opisil, ari anoe pan deuri mah ngan ockoer bedja noe beunang dipertjaja bae.

Tina perkara ieu Bintang Ti moer geus njieun pamandangan nerangkeun pamanggihna. Tje nah :

Djadi ajeuna pseh hiroepna P.N.I. teh goemantoeng kana poetoesan Raad van Justitie maloeloe.

Oerang koerang terang, na oe anoe djadi sabab siawa timbangan noe matak eta ka om nasionalis njieun poetoe san kitoe, ngan bae asa katji da terang djeung tetelana eta poetoesan teh nembongkeun kalemahan (kahengkeran) djeung kakoerang pertjajaan kana toedjoeanana P.N.I.

Demi noeroetkeun oendang oendang sanadjan koemaha bae oge oenina vonnis, la moea teu atjan poetoesan ti Hooggerechtshof, jen eta pa koempoelan teh pakoempoe lan larangan, henteu bisa boe bar sorangan.

Djadi ari benerna mah oelah pisan hoofdbestuur gan tjang-gantjang rek ngaboebar keun koempoelanana, soema wonna lamoen noe djadi voor zitterna masih keneh madoe keun bebeneranana, menta poe toesan badan noe leuwih loe hoer.

Peta anoe saroepa kitoe bahla pisan pikeun pakoem poelanana.

***

Sakitoe pamanggihna soerat kabar noe geus kaseboet di loehoer.

Roepana bae timbanganana kieu teh njokot dadasar tina artikelna Dr. Rival beunang njoetat tina „Het Vaderlandsch" anoe njeboetkeun katetepan bis loeit Radja tanggal 15 October 1915 artikel 169 ajat 1, dise boetkeun jen miloe tjampoer kana koempoelan larangan teh bisa dihoekoem. Lamoen anoe ngalampahkeunana oerang pri boemi, ieu teh bisa dipoetoes koe landraad biasa bae, sarta meunang apel ka Raad van Justitie. Tapi ieu bisloeit geus dibarengan deui koe bisloeit tanggal 17 December 1918 anoe ngatoer hak roepa roepa koem poelan katoet pasamoanana. Dina artikel 3 diseboetkeun jen ngan hooggerechtshof woengkoel anoe dikawasakeun moetoes atawa netepkeun, hidji pakoempoelan asoep kana larangan henteuna.

Demi perkara P.N.I. noeroet keun pamanggihna Het Vader landsch dosana teh diseboet doeu roepa, saroepa miloe tjampoer baoer djeung koempoelan lara ngan, ngalanggar artikel 169 noe kseboet di loehoer, kadoeana ngalampahkeun spreekdelict (do sa omongan) ngalanggar artikel 153, anoe sakitoe tampa wilangan beunangna dima'nasan, nepi ka boleh djadi aja omongan omo ngan Ir. Soekarno anoe kadjiret koe eta artikel anoe sakitoe loeasna.

Demi artikel 169 mah ditetep keun koedoe kalawan aja katang toean heula di hooggerechtshof

Kitoe sabahna noe matak com mentaarna tina Bintang Timoer, tjara noe njarande kana artikel Het Vaderlandsch. Tapi dina eta komentar diseboetkeun jen kana sabab sababna teu terang.

Koe katerangan noe ieu (pang pandeurina), eta koementar teh djadi katjida zwakna lantaran tjara noe njanjahoanan, miloe tjampoer kana mas'alah anoe teu terang njahona.

Satoengtoeng oerang teu atjan terang pisan naon noe djadi sa bab, sadjeroning mere kiritik oetamana make „voorbehoud" (kajid, nja eta lamoen teu kara na sabab anoe penting, sabab sanjahona oerang, saheuteuna anoe ngawakan.

Ngan bae moenggoeh keur kaom nationalisten, sadadjan P. N.I. nepi ka koebrana oge, teu koedoe djadi leutik hate, sabab tangtoe djol deui pakoempoe lan anoe dikamoedi koe djele ma eta keneh, sarta toedjoeana na moal pati sakoemaha pasa liana, ngan ockoer beda boeloe bae, minangka tjeuk paomongan mah, ngan ockoer rek mitjeun sial dangkalna bae.

Pa Entjang.

Koropak

Djoeragan Langganan No. 296 di Tjirebon.

Moegi oelah rengat galih, seratan Djoeragan henteu tiasa dilebetkeun, kablogahan sareng pangdoenga kasoehoen katampi pisan, Anoe mawi henteu dilebetkeun teh, bilih kalebet kana paripaos „Sagara ngoejahan mo neh".

Ka Djoeragan oerang Bandoeng oge idem bae.

—o—

Djoeragan Langganan No. 3454 di Koedoes.

Seratan Djoeragan anoe djoedoelna „Hospita berehan" hen teu tiasa dilebetkeun djalaran eta mah moeng perkawis per soonlijk bae, toeroeg-toeroeg keterangananna kirang tjekap.

Diadjeng-adjeng noe aja pata lina sareng oemoem.

—o—

Djoeragan „Ma'oenat di Tasikmalaja

Teu kinten bae handjakalna, sarehna seratan Djoeragan rada kabeurangan parantos rea noe miheulaan. Koe margi eta, lang koeng sae oelah dilebetkeun bae. Ka pajoenna diadjeng adjeng noe rada haneut keneh.

—o—

Djoeragan Tangkal Djambe di Ngandjoek.

Moegi teu djadi rengat galih, seratan Djoeragan anoe djoedoelna „Hal padjeg" henteu tiasa dilebetkeun, saperkawis diseratna dina kereteas noe di boelak balik, kalih perkawis tina bab propaganda padjeg sanes kawadjiban oerang. Sanaos heu teu dipropagandakeun oge oeng gal djatma pada terang.

Mangga ngadamel noe langkoeng penting bae, sareng ke dah emoet pisan diseratna kedah sabeulah bae, oelah boelak ba lik.

Toemaros :

Naha Djoeragan parantos ngintoenkeun waragadna Sipapaheenan ?

Oepami teu atjan kedah enggal.

Adm.

Sport

Maen bal djago kolot (Veteranen).

Mangga engke dina dinten Minggoe kaping 1 Maart '31 ang kat ka Tegallega nonton maen bal bangsa djempolan kolot (Veteranen) anoe bade diajakeun koe Comite Merapi Boemipoe tra.

Ngawitan maen taboeh 4 son ten doegi ka taboeh 6, margi maen 2 kali.

Ti taboeh 4 dongkap ka ta boeh 5, djago Sumatra con tra Tirtajasa.

Ti taboeh 5 dongkap ka ta boeh 6 djago B.O. contra Pa soendan.

Oepami djrg. djrg. engke dina waktosna henteu angkat ka Tegallega tangtos handjakal. Di oerang mah (Bandoeng) nembe ajeuna aja Veteranen elftal, sareng dongkap ka ber tandingna.

Mangga geura sos ieu elftal elftal kolot. Saha anoe teu hajang njaksian, oepami maos djenengan spelers ance parantos katjeloek ka awoen awoen kawentar ka mana mana.

Elftal Sumatra.

Keeper Sjamsoedin, back ka toehoe Siregar, kentja Tamboe nan. Rechtshalf Oemar Ali, cen terhalf Rahmat, linkshalf Aladin. Rechtsbuiten Sitompoel, Abocloeni rechtsbinnen centervoor Gofar. Linksbinnen Marahdjani, linksbuiten Djama'oedin.

Elftal Tirtajasa.

Keeper. Damokoesoemah, Beck-katoehoe. H. Rasidi, ken tja, Rafroedin, rechtshalf Nitl, centerhalf Ach. Soehra, links half Padma, rechtsbiuten Djaja koesoemah, rechtsbinnen A. Soemaatmadja, centervoorhen, linksbinnen Soekawidjaja, links buiten Angkawidjaja.

Elftal B. O.

Keeper. Soenado, Beck ka toehoe Soedirdjo, kentja San noedin, rechtshalf Hardjokoe soemo, centerhalf Ng. Soemo werdojo, linkshalf Soetopo, rech tsbiuten Salo, rechtsbinnen Tir tosoewirjo centervoor Soediani, linksbinnen Moeheri, linksbui ten Soemodiwirio.

Elftal Pasoendan

Keeper Kartaatmadja, beck kentja Oto Soebrata, katoehoe Atmadinata, rechtshalf Wirasas mita centerhalf Soedjana, links half King Nata Wijogja rechts buiten Paet, recht binnen Endih centervoor Sadikin, links binnen Dr. Djoengdjoennan, links buiten Mahmoed.

Tangtos rame sareng loetjoe. Mowal dongkapkeun ka kadoe hoeng ngalebetan artos kana bus anoe disajagikeun koe Comite, di lawang ka Tegal, anggo noe loeng ka noe tjilaka koe bitoe na G. Merapi tea.

Kawat

tina s. s. k.

IDONESIA.

Riboet noe katjida Gedena.

Medan, 26 Febr. (Aneta-Nipa). Noeroetkeun bedja ti Sum. Post, ngantet kana ajana karibocian di bawahan Marbau, bestuur van politie geus nangkep 1200 koeli bangsa Tionghoa noe digawe di onderneming Laboean Hadji, di antarana 48 koeli geus diaboeskeun ka boei.

—o—

Rek ngadjadjah tanah Europa.

Medan, 26 Febr. (Aneta Nipa). Poetrana radja Serdang, Tengkoe Anwar, engke dina pananggalan boelan Maart rek angkat ngadjadjah tanah Europa.

Moal lila ti antarana, oge poe trana radja Deli rek angkat.

—o—

Kabandjiran.

Madioen, 26 Febr. (Aneta Nipa). Djalan besar antara Madioen djeung Ngandjoek di tandjakan Goejangan, geus kabandjiran ne pi ka saratoes meter djerona.

—o—

Datangna deui angin poejoeh.

Telok Betong. 26 Febr. (Aneta Nipa). Kamari wantji asar di Telok Betong kadatangan deui koe bahaja angin djeung hoedjan noe katjida gedena. Lantaran da tangna tjai sakitoe gedena, dja lan ka karesidenan geus kakeu eum. Katjilakaan djalma henteu aja, kawat kawat listrik ti Gas Mij. paregat, nepikeun ka Te lok Betong djeung Tandjoeng Karang henteu boga panerangan kasjaan di kota poek mongkleng boeta radjin.

Sapeupeuting koeli koeli ti Gas Mij. digawe menerkeun ka roeksakannana.

—o—

NEDERLAND

Katjilakaan kapal Oedara.

Den Haag, 25 Febr. (Aneta Nipa). Kapal oedara marine Z. 18 koe tarikna tjilaka geus reg.ag sarta meunang koroek sakan. Djoeroe ngapoengna, ko porasi de Wit djeung panoem pangna Dekker, doea doeana meunang tatoe enteng.

—o—

Angkatan Wakil.

Den Haag, 25 Febr. (Aneta Nipa), Diangkat kana djadi wakil Nederland, sarta ditem patkeun di Cairo djeung di ro me, Jhr. mr. A. van der Goes, djeung oeroet burgemeester Pa tijn.

—o—

ENGELAND.

Poé Rebo beureum

London, 26 Febr. (Aneta-Nipa Reuter). Bantrokna kaoem communist djeung kaoem pangenggoeran disakoeliahna doe nja dina waktoe rek njieun arak arakan „Poé Rebo beureum" geus ngadjadikeun kariboetan.

Roesoeh noe pangkatjidana di Leipzig (Duitschland), di dinja loba noe ngalawan ka politie. Tiloe djalma dina waktoe ngaja keun arak-arakan maot djeung dalapan meunang tatoe beurat.

Kaoem panganggoeran di Ber lijn geus ngaroeksakeun kantorna arbeidsbeurs djeung ngarampo gan barang-barang toko.

Di Parijs Politie ngajakeun panangkepan, leuwih ti saratoes noe geus ngaringkoek di boei.

Di Praag, Warschau djeung di Luxumburg masih kench ri boet. Ti Kopenhagen Politie nangkepna meunang lima poe loeh djalma.

—o—

AMERIKA.

Al capone.

Chicago, 26 Febr. (Aneta Ni pa Reuter). Kapala badjingan noe kawentarkeun, Al Capone, dina waktoe ieu geus aja dina djero tahanan politie.

TEGEL FABRIEK

NAJA

Goenoeng Sabeulah Tasikmalaja

Saban dinten ngadamel sareng ngaloearkeun mangreboe re boe tegel anoe sarae sareng roepi-roepi model, ditanggel — matak bingah —

Prijslijst sareng tjonto tiasa MOENDOET PERTJOEMAH

LOTERY NEMBE

Indische comite tot steun van de stichting verblijf van den oud Indischen Militair C. S.

Prijsna ditambihan, nja eta :

1	prijs anoe	f 100.000
1	prijs anoe	f 50.000
1	prijs anoe	f 25.000
10	prijs anoe	f 10.000
20	prijs anoe	f 5.000
100	prijs anoe	f 1.000
250	prijs anoe	f 500
4000	prijs anoe	f 100
4383	prijs, djoemlah sadajana	F 1.000.000.

Pangaos 1 lot f 11.

Rembours tambih f 0.75.

Aangetee kend f 0,35.

Koe margi ajeuna mah kans-na 4 kalieun ti kapoengkoer, teu kinten oetamina oepamin ngagr leuh elot pangpajoenna, nja eta soepados kenging elot pangsaena sareng tangtos moal seepeun.

Firma POP.
TASIKMALAJA.

1—4

GALOENGGOENG — BIOSCOOP
TASIKMALAJA

LIAT . . . . . DAN . . . . . DENGER

Sprekende Film (Film bitjara).
Programma boeat
INI MALEM DAN MALEM BRIKOETNJA
100% bitjara, danse, menjanji dan muziek.

Sky Hawk

INI FILM PERANG DIOEDARA.
Dengerlah soearanja ploeroe jang heibat.
Liat dansanja jang mengheranken!!
Pada siapa penonton tida menjaksiken ini film besar tentoelah — — — aken menjesel boeat selama-lamanja. — — —
Saban malem 2 kali maen, pertoendjoekan pertama djam 7.
Loketkaartjes diboeka dari djam 10 siang.
— Anak-anak BOLEH nonton ini film. —

TOKO OBAT & FABRIEK DJAMOE
Poa Tjong Kwan
WONOGIRI — JAVA

Djamoe koeat tjap djago.

Hidji pertoeloengan anoe oetama pisan kanggo pameget, nambihan kasantosaan kagagahan sareng kasampoernaan, sakoemaha kedahna pameget pinoeh koe kasehatanana. Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe koeat tjap babon.

Sadaja istri dinten iboe, kedah mirsa kasehatanana. Koe djalan nocang Djamoe tjap Babon tiasa kenging kasehatan anoe sampoerna, sae djalanna getih, kenging toeroenan (peetra) anoe sehat toer seger, malah djabi ti kitoe teh henteu enggal sepoeh deui! Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe Perawan.

Seueur pisan parawan noe salirana lesoe, tjahaja pias kirang mentjrang, mesoem sareng saban sasih getih henteu kantenan djalanna. Matak bawatos pisan, margi eta teh hidji bahaja anoe matak ngirangan, tiasa djanten oge matak ngaleungitkeun kasaenanana salira. Palaj papendak sarengk asehatan teh teu kinten sesahna, moeng koe sadjalan pisan, nja eta sering toeang Djamoe Perawan, margi djabi ti kitoe teh oge tiasa ngadjantenkeun istri-istri anom sapertos parawan deui. Pangaos 50 zak F 2.50.

Boeboek Serbat.

Teu kinten raosna sareng matak seger, tiasa njingkahan kasawat noe awon, malah saena pisan mah diarot saban dinten, midamel gegentos Thee sareng Koffie. Pangaos 50 zak F 2.50.

Djamoe tjekok koeda.

Teu kinten saena kanggo ngalintoehan sareng nambihan kiat ka Sapi Koeda sareng Moending. Anoe langkoeng saena pisan mah ka Sapi peres ngadjantenkeun seueur sareng kentel tjisoesoena. Pangaosna 10 zak F 1.50

Param-Poesaka tjap djago.

Landong gosok anoe teu kinten mandjoerna, kanggo noelak roepi-roepi kasawat sapertos: Teu raos oerat, tjape, pegel, lebet angin sareng seueur-seueur deui. Pangaos 50 zak F 2.50.

Pil Adjimat.

Teu kinten seueur goenana kanggo nambihan sareng ngaberesihan getih, tiasa enggal ngaleungitkeun kasawat kotor, sapertos: Kahampangan getih sareng nanah, radja singa, karaos angkeng, intjok atanapi teu raos toelang (Rheumatiek), loempoeh sareng lesoe salira. Djabi ti kitoe teh tiasa noeloeng ka istri-istri anoe teu angger teu damang sasihna sareng dina waktosna sok teu raraos. Pangaos 1 pak F 0.60. 1 flesch F 1.50

Boeboek Mandjoer.

Landong ka raos sirah (rieut) anoe teu kinten matihna, lalandjoeng, mabok sareng teu kinten saena kanggo anoe karaos waos. Pangaos 1 pak 10 bk F 1

Madoe Moedjidjat.

Ieu landong sanes moeng ngarana bae, namoeng jaktos tiasa enggal njageurkeun roepi-roepi kasawat sapertos: batoek, pileg, boenghak lamboet, moeles, njeri angen sareng ngajer kabeuratan.
Pangaos 1 fl. ageung F 1.—, sedeng F 0,30.

Minjak Parem „Djago".
(RECEPT DR. P. WINOTO)

Ieu landong teh koe margi didamelna kalajan noemoetkeun recept Docter anoe kasohor, atoeh teu kantos lami deui teras bae kawentar kamatibanana. Ieu teh minjak gosok, teu kinten saena kanggo njageurkeun bangsa raheut pegel, tiis sampean sareng panangan, misalah oerat, njeri tjeuli sareng waos, langkoeng mandjoer ti batan sagala minjak gosok anoe sanes dame lan docter. Pangaos: Flesch ageung F 1.—, sedeng F 0.40, alit F 0.25

Zalf Serba Waras.
(RECEPT DR. P. WINOTO).

Parantos seueur anoe kaloear minjak gosok kentel (Balzan) kalawan nanggo roepi-roepi tjap, moeng anoe dikaloearkeun di dieu mah damelan Docter anoe parantos kasohor, djabi ti langkoeng matih teh henteu ngaresak kasehatan salira deui. Zalf Serba Waras teh tiasa njageurkeun rieut, pigelbareuh, misalah oerat sareng sabangsana.
Pangaos 1 gotji ageung F 1.—, gotji alit F 0.30.

Minjak Klonjo „Djempol".

Kantenan parantos seueur kaloearan Minjak Klonjo landong sirah, namoeng ieu mah: DJEMPOLNA!
Sanes moeng kanggo di boemi bae, namoeng oge oepami angkat-angkatan teu kinten perloena njandak Minjak Klonjo „Djempol", margi djabi ti gampil sae teu raos sirah teh oge njageurkeun sebel, sesek ngambakan, teu kersa koelem sareng teu raos waos, tiasa dianggo ngaberesihan saban sonten sareng endjing. Pangaos 1 botol (angsret) F 0.70, 1 flesch 5 gram F 0.15
Tiasa ngagaleuh di toko-toko sareng waroeng-waroeng di sakoeliah Indonesia.

Pangaos kanggo itjaleun deui tiasa badanten heula.

AWAS ! Sing saha anoe peseu kalawan nerangkeun manggih tina „SIPATAHOENAN", baris dihatoeranan peresen oebar-oebar EXTRA.

1.

ADVERTENTIËN

:: Strop Gouden Ster dan Boelan Poeasa ::

Jang bisa kasi kesegoran dan kasenangan di waktoe hoeka poeasa.

Bisa dapet dari sarinja segala roepa boeah-boeah jang sengadja dipilih special boeat penoehken langganan poenja kasenangan. Maka kaloe ingin dapet STROP jang sedep dan wangi rasanja teroetama RESIK bikinnja. Tjarilah selamanja kita poenja merk jang soe-dah terkenal lama diantara Toean² langganan.

Memoedjiken dengan segala hormat

Gecombineerd Electris Mineraalwat. fabriek

De Gouden Ster en Poerbaja.

Telefoon No. 114 — Tasikmalaja.

BOEKOE BALI

55 sen ka abonné 8ip. mah.

Kantoen saeutik, bilih panasaran,

— — 8 Gambar-gambarna. — —

NGITJAL BOEKOE

— KIAMAT DI MAGELANG —

15 SEN, kanggo NOELOENG noe katjilakaan koe Merapi tea

Toko boekoe PASOENDAN

TASIKMALAJA.

PLAAT GRAMOFOON

Lagoe-lagoe SOENDA noe marodel sapertos: Tembang Tjiandjoer, Najoeb, Degoeng, Tarawangsa, Kendang Pentja, Wajang, Tjelempoeng, Ketoek — Tiloe sareng sanes-sanesna deui. —

Tiasana kenging moeng dina merk:

Pangaos f 2,50. doea lagoe **COLUMBIA** Pangaos f 2,50. doea lagoe

MUZIEKHANDEL

„DE HARP"

Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.

TOKO TRIO

GOENOENG SABEULAH 27 TELEFOON. 83

TASIKMALAJA.

Nembe pisan katampi roepi-roepi kaperloean para djoeragan anoe ditanggel langkoeng enteng pembajarannana, diantawisna Toko Trio parantos njajagikeun roepi-roepi kareta mesin ti noe pangawisna doegi ka noe pangmirahna, malah ti ngawitan sasih ieu tiasa njajagikeun kareta mesin weuteuh

F 27.50.

Kakiatan ditanggel sataoen.

Pesenan ti noe tebih salamina kedah rembours bae.

Salam miwah hormatna
noe ngadjeng-ngadjeng.

Tengtremna sti Djoeragan-djoeragan istri? Moeng tiasa kalan-dongan . . . . . koe barang-barang permata kaloearan ti

TOKO INTEN

Juwelier & Goudsmederij

Pasarweg 1350 Kidoeleun Muloschool — Tasikmalaja

Koemargi . . . . . ?

Barang-barang permata Briljant kaloearan Toko Inten, sadajana boeatanana rapih, lemes, manis sinareng marodel qualiteit no. 1 matak tengtrem ati....

Margi dipimpin koe achli anoe parantos praktijk bener, anoe parantos seueur pengalaman perkawis roepina model barang-barang mas permata Briljant di nagara-nagara ageung.

Anoe mana? sanaos djoeragan-djoeragan teu tiasa ngatoer modelna kongkonan, eta teu sesah, tiasa diatoer koe Toko Inten doegi ka djadi kabingahan djoeragan-djoeragan. Disajagikeun barang-barang permata Briljant mes anoe bodas sinareng beresih bener, sapertos: pinggel, Leontine, lelepen markis, panitih, soember-soember, roepi-roepi rante kaloeng. Roepi-roepi barang perak: Horloge-horloge, Lontieng Westminster, Wekker-wekker, wadah lemareun, roepi-roepi katja pigoera, enz. enz.

Soepados djoeragan djoeragan meser oelah djanten kaawisan (kabekok) tiasa dipasihan serat Garantie anoe tiasa di tampi deui (dipeser deui) eta barang barang moeng dipotong sakedik.

Margina njandak sijsteem oentoeng alit soepados lakoena seueur, margi oenggal minggoe nampi Briljant anjar.

Ditanggel mo tiasa kadoehoeng barang barang anoe dipeser ti

TOKO INTEN.

Kanggo njaekeun kana panjawat panas, poejeng, rieut inflenza, d.l.l. Henteu aja anoe langkoeng moestadjab sadjabi ti:

Acetylsalicylsäure - Tabletten.

„SATYRIN"

Landong kiat . . . . nomer wahid.
Mangga tjobi, ditanggel
matak sampoerna.

Tiasa kenging ti:

CHEMICALIEN HANDEL

v. h. Toko Nio Muller

GOENOENG LADOE 15, TELEFOON 26.

TASIKMALAJA

KETOE OEDENG MAKERIN

E. MOECHTAR

Pasar baroe Noord Straat No. 16 — Bandoeng

Nampi kongkonan sareng njajagikeun roepi-roepi model ketoe-oedeng anoe didamel tina batikan kenging meting.

Sajagi sindjang poleng soetra pangaos f 6,— garantie 1 taoen sareng poleng damelan Poengkoer anoe toelen.

Tiasa ngintoen rembours ka mana-mana. 3

KETOE OEDENG

HALIM

WEST PASAR STRAAT 16

— BANDOENG —

Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.

Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol slit ipis sareng anoe benteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem

Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng benteu.

Kopejah bloedroe hideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 ockoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50. Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50. Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap korsi No. 1 f 3,25.

Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 1-5

Kantoen saeutik deui!

Anoe teu atjan kagoengan Zakalmanak 1931 noe langkoeng pepek eusina, kedah enggal ngagaleuh:

ZAKALMANAK 1931

WEDALAN

DRUKKERIJ GALOENGGOENG

TASIKMALAJA

Djabi ti dieusian koe roepi roepi anoe perloe sadidintenna, noe maraos tiasa ocninga kapentingan djamaah Hikajat Awadj bin Oenoeq. Sawer panganten, reclame Amerika. Choetbah Djoemaah sareng djabi ti eta.

Sanaos ajeuna parantos dipepekan, pangaosna tina f 0,30 ditoe-roenkeun deui moeng f 0,20 djabi onkost.

Noe ngagaleuh langkoeng ti 25 ex. tiasa kenging korting.

BANDOENGSCHE

Chemische Wasscherij en Ververij

STATIONSWEG 30 NAAST G. E. B. E. O. — TASIKMALAJA.

Toko wasscherij (toko tjoetji pakean) adanja di Bandoeng koe-rang lebih 10 taoen, banjak toean-toean dan Njonja-njonja jang kengken tjoetji pakean, dan trima dari laen tempat djoega, serta troes kirim dengan Rembours.

Moelai tanggal 10 Februari 1931 saja aken boeka Toko Wasscherij di Tasikmalaja, dioega Filial dari Bandoeng, ongkos ongkos bersaingan sama Bandoeng, seperti tjoetji:

Gabardin Plambit, Flanel, Wool, Donker Blau, Zal wool, Kamedja dan Japon. Tjoetjinja itoe pakean pake obat soepaja tida loentoer atau roesak. djoega plek² bisa ilang. Malah bisa verv. (bikin baroe pakean jang soedah toea menoeroet kleurnja).

Djoega bikin bersih topi Toean atau Njonja, ganti pita dan koelit. Stoppen (Tisi) pakean jang soedah soeh menoeroet kleurnja sampe tida keliatan. Plisir (ploi) soetra² boeat Rok.

Dari sebab itoe soepaja Toean-toean dan Njonja-njonja, mendjadi taoe, pekerdjaan jang terseboet di atas tanggoeng baek dan rapi dan kaloe bawa pakean moelai tg. 10 Februari 1931 sampe tg. 10 Maart 1931 dipotong corting 10 pCt.

Memoedjiken dengan hormat

DE BEHEERDER.

Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN" koe djalan mangmilarikeun Abone's noe saratia

IMPLIK-IMPLIK

Megatkaun doeriat poetra

Karangan.

A. KARNA WINITA.

SADANANJA. — TJIAMIS.

No. 12

Geus saminggoe Oedjang Ana ngadoedana, tapi ti batan lipoer mah kalah ka woewoeh-woewoeh emoet. Roepa-roepa kaoelinan di anggo panglipoer, tapi sadajana tambah njoeat-njoeat hate. Toeng toengna Djang Ana gering nang toeng ngalanglajoeng, iga ragas tjara gambang.

Heuleut saboelan ti harita, brek andjeunna teu damang, pa njawatna panas dameina sasar, ari noe dipijangtjam teu aja lian kadjabi ti poetra sareng garwa patilasan. Woewoeh lami teu da mangna woewoeh ripoeh, kapak sa andjeunna titirah ka roemah sakit.

Kira-kira geus saminggoe di roemah sakit djol soemping doe-noenganana, doepi perloena, sa-perkawis ngalajad, kadoesna njandak bisloeit benoeman, nja eta Djang Ana dibenoem djadi Goeroe bantoe di bawahan Ban ten. Tapi katjida handjakalna, lantaran Djang Ana teu bisa nga lakonan kana eta padamelan, pa dahal dina waktos rangkep ka Enden Titi teu aja deui noe di-tjita-tjita koe andjeunna, hojong enggal-enggal dongkap bisloeit benoeman.

Dina hidji poé Djang Ana, ka tingalna rada djagdjag, tapi ngan katingalna woengkoel, da saenja mah panjawatna woewoeh ripoeh, boektina koe Docter teu kenging hoedang-hoedang atjan. Barang geus tengah peuting djemplang djempling, keur meudjeuhna tilseur, batoer sakamar geus ma-rondok, karajap Djang Ana hoe dang, maksakeun andjeun djoema rigdjeug, kek kana kertas djeung patlot, anoe meunang meuli tadi ti beurang, nitahan djongos. Goe troet andjeunna njerat, maksadna ngawartosan ka tilas rajina bilih teu tepang heula.

Isoekna waktoe mantri verpleger ka dinja, Djang Ana sasa-oeran: „Djoeragan, bilih abdi maot, ieu serat moegi kersa mangdongkapkeun ka Tjiboejoe; sanes djoeragan kedah dongkap ka Tjiboejoet, ieu mah njoeboen keun tarekah djoeragan, soepa-dos ieu serat, tiasa kalampi koe poen anak."

„Mangga, mangga, aji!" tjeuk Mantri kalawan boedi marahmaj, „oelah salempang hal perkawis eta mah, akang sanggem ngadja lankeun, sanaos noe langkoeng tebih ti eta oge, manggga pisan

Mantri teh katjida pisan njaa-heunana ka Djang Ana teh, ang koh andjeunna parantos tingali-eun kana panjakitna Djang Ana, panasra saban dinten beuki na-ek bae, malah waktoe dioekoer harita repi ka 39,8.

Mantri gogodeg, sarta teroes oendjoekan ka djoeragan Docter, njarioskeun panjakit Djang Ana woewoeh madjeng bae. Lanjeng djoeragan Docter angkat ka ka-mar Djang Ana, sarta teras dipa rios kaajaanana badanna. Sapa-rantosna diparios, djoeragan Dok tor sadoeran: „Mantri oelah di-djaoehan, sabab waktoena agan kari sakeudeung deui," njaoerna kitoe teh haharewosan, sabab bisi kakoepingeun koe Djang Ana.

Woewoeh boerit Djang Ana woewoeh ripoeh, manah andjeun na sasambat ka iboe anoe paran tos aja di kalanggengan:

1. „Adoeh ema ieu abdi,
tingali mangga koe ema.
abdi nandangan prihatos,
nja hiroep di alam doenja,
moeng pinoeh koe soengkawa,
adoeh ema abdi toeloeng,
moegi kersa tangtajoengan.

2. Ieu doenja kanggo abdi,
raos teh tempat naraka,
tempat ngararatjet hate,
koe margi kieu temahna,
maksad abdi ngiringan,
teu kiat abdi dikantoen,
di doenja hiroep sangsara.

3. Mangga Goesti Maha Soetji,
geura tjandak ieu njawa,
oelah dek diengke-engke,
da abdi teh iklas pisan,
sok asal di acherat,
djeung ema tiasa tepoeng,
abdi hojong sasarengan.

4. Kerelek Ana lastari,
soekmana enggeus ditjandak,
geus doegi kana papasten,
di roemah sakit nja hilang,
lantaran njorang tjinta,
henteu kenging dililipoer,
teungteuingeun koe mertoea.

5. Poetra eukeur silih asih,
hapa-hapa ge ranggeujan,
naha atoeh bet dibedol,
megatkeun doeriat poetra,
teu emoet ka salira,
koemaha lamoen dikitoe,
tangtosna mo' raos manah.

6. Manoek piit miloe sedih,
saeran miloe midangdam,
kiloe deui pasen-pasen,
sadaja ngiring nalangsa,
ningal lajon Djang Ana,
koe Mantri-Mantri dipangkoe,
sareng koe para wargina.

Teraskeuneun.